

BAB IX

CERITA PENDEK (CARPON) SUNDA

Pengantar

Pada kegiatan belajar ini, Rekan-rekan akan mempelajari hasil karya sastra Sunda modern *genre carpon* (*carita pendek*) ‘cerpen’ (cerita pendek). Dari pokok bahasan ini Anda akan beroleh informasi mengenai pengertian, bentuk dan isi, serta struktur carpon Sunda.

Pokok bahasan carpon ini akan sangat bermanfaat bagi rekan-rekan sebagai bekal pengetahuan mengajar kelak di sekolah-sekolah. Materi carpon ini sangat relevan untuk dikenali, dipahami oleh anak-anak yang di sekolahnya menggunakan muatan lokal bahasa dan sastra daerah (Sunda). Sebagaimana disadari bersama bahwa Kurikulum SKKD Bahasa dan Sastra Sunda (2006) sangat memberikan perhatian terhadap pemberdayaan materi pembelajaran muatan lokal di sekolah-sekolah. Hal itu merupakan salah satu upaya pelestarian budaya daerah di Nusantara. Selain itu, materi ini juga dapat memperkaya pengetahuan sastra bagi para siswa yang berasal dari suku-suku bangsa di luar Jawa Barat.

9.1 Tujuan Pembelajaran

Tujuan pembelajaran yang harus dicapai oleh Rekan-rekan setelah mempelajari materi ini adalah sebagai berikut.

- (1) Rekan-rekan dapat mengenali dan membaca salah satu contoh hasil karya sastra Sunda modern dalam bentuk carpon.
- (2) Rekan-rekan dapat membedakan pengertian carpon dengan bentuk dan ciri karangan lainnya.
- (3) Rekan-ekan dapat mengidentifikasi ciri-ciri karangan dalam bentuk carpon.
- (4) Rekan-rekan dapat menjelaskan struktur cerita di dalam salah satu carpon Sunda.
- (5) Rekan-rekan dapat menyebutkan pertumbuhan dan perkembangan carpon di dalam khazanah sastra Sunda.

9.2 Pembahasan Cerpen (*Carpon*) Sunda

9.2.1 Contoh Ringkasan Carpon Sunda

Rekan-rekan di bawah ini Anda akan disuguhi sebuah sajian cerita berbentuk carpon'cerpen'. Mungkin sudah tidak asing lagi buat Anda mendengar kata cerpen karena jenis karya sastra ini bisa dibaca kapan saja tanpa menghabiskan banyak waktu. Tetapi alangkah baiknya jika Anda membaca carpon Sunda yang berjudul "Cinta Segi Tiga" karya Thimang, sebagai perbandingan dengan cerpen sastra daerah lainnya. Selamat membaca!

CINTA SEGI TIGA

Teu puguh pipikiran, matak nambahan marojengjana ieu hate. Sapeupeuting teu bisa sare balas mikiran omongan-omongan batur tadi beurang. Memang kuring oge rumasa, kuring anu salah, kuring geus teu pantes meunang sesebutan awewe bener. Da lain kahayang kudu kiekuean, kudu daek ngagugulung lalaki anu geus jadi salaki batur tur geus boga anak. Teu, teu pisan-pisan boga niat hayang nganyenyeri hate batur.

Sabenerna mah ku kuring oge geus kapikir, geus kabaca kumaha pibakaleunana lamun wani-wani mikacinta salaki batur, komo nepi ka 'jadian', bobogohan jiga kuring jeung manehna ayeuna. Duuh, Gusti, saleresna mah abdi teh teu hoyong kiekuean. Mugi aya jalan pikeun kaluar tina ieu bangbaluh. Naha geuning nasib teh bet kieu-kieu teuing, ditakdirkeun bogoh ka salaki batur....

Masalah ieu teu weleh jadi beungbeurat kuring. Naha atuh cinta teh bet jiga-jiga anu nye 'buta', teu ningalieun kanyataan. Mangkaning dina hate kuring ayeuna geus nepi kana: cinta kuring jeung Rachmat geus moal bisa dipisahkeun deui. Si cinta teh teu bisaun kapangaruhan ku omongan anu ngung-ngeng ti sisi ti gigir. Geu teu daekeun ngagugu omongan batur anu nyararita, malah nepi ka kolot sorangan pisan anu nyarek teh. Geus moal bisa ngahalang-halang kana pamaksudan kuring jeung Kang Rachmat pujaan.

Gebeg! Lamunan kuring kagebah ku sora telepon anu ngirining. Jung kuring nangtung, kop kana gagang telepon.

“Assalamu’alaikum!” Kadenge aya anu uluk salam peuntaseun telepon.

“Wa’alaikum salam,” kuring nembal.

“Mas, keur naon maneh?” ceuk sora ti ditu.

“Biasa we, keur ngalamun. Mikiran omongan maneh kamariueuy, Ti! Omongan teh bener pisan. Lamun disasarukeun mah kuring teh bet jiga Sophia Latjuba. Heueuh, kasusna, bet kudu ngalaman boga jujuluk “wanita perebut suami orang”. Tapi da kumaha atuh, kuring teh geus bogoh pisan,” kuring nembalan kapapanjangan.

“Jadi, maksud maneh rek kumaha pikahareupeun, Mas? Titi nanya deui.

“Nya. Dalah dikumaha atuh, Ti! Keur kuring mah taya deui kahayang iwal ti rek satia nungguan Kang Rachmat, nepi ka tega nyerahkeun pamajikanana bae. Sabab ceuk Kang Rachmat oge, sabenerna mah ti baheula oge jeung pamajikanana teh geus teu cocok. Jadi lain salah kuring lamun nepi ka Kang Rachmat nepi ka kudu pepegatan jeung pamajikanana, rasaan mah kuring teh asa teu perlu ngarasa dosa,” kuring keukeuh dina pamadegan jeung angen-angen sorangan.

“Oh, jadi maneh geus bener-bener percaya kana omongan Rachmat, Mas? Si Titi keukeuh ngadesek.

“Masalah eta mah geus teu kudu ditanya deui, Ti. Kuring geus percaya saratus persen ka manehna.”

“Maksud maneh, geus aya omongan daria ti Rachmat? Titi nanya deui.

“Nya eta, enggeus’! kuring asa meunang.

“Kumaha, cenah?” Ih, aya ku keukeuh ari Si Titi.

“Manehna jangji rek ngawin kuring. Tapi saratna kudu daek nungguan, lilana kurang leuwih sataun. Manehna menta dangka keur waktu sidangna. Jadi jigana ayeuna mah kieu, Ti. Kuring geus teu bisa miduli omongan sasaha, kaasup maneh sobat kuring pisan. Keun bae rek diomongkeun kukumaha oge, kuring mah geus moal ngadenge omongan batur. Dan anu ngarasakeun kasenangan jeung kasusah dina kasus ieu teh ukur kuring. Sok bae rek boga pamanggih naon bae oge, anu penting kuring jeung Kang Rachmat teu matak ngarugikeun batur,” kuring nembalan rada heuras.

Teu kadenge nu nembalan. Pikasebeleun! Geuning Si Titi teh geus nutup teleponna, ti tatadi boa! Ah, paduli teuing.

Gusti, hapiunten abdi, bet kieuun jadina! Pok-pokan kuring ka Titi, sobat kuring pisan, bet jiga anu merekedeweng pisan! Kuring teh enya-nya geus kabungbulengan ku Kang Rachmat. Kuring asa beuki poek, asa beuki teu bisa mikir kumaha pibalukareunana. Najan enya oge aya pikiran ka dinya, ego kuring leuwih kuat pikeun ngeukeuhan cinta ka Kang Rachmat. Kuring teh bet jiga anu teu bisa ngaragap angen batur. Kuring teh asa bener, naon atuh salah kuring anu dibere rasa model kieu ka hiji lalaki?

Kungsi aya nu ngingetan, soal omongan Kang Rachmat. Boa bohong, boa ukur rahul. Tapi da keukeuh ieu hate teu mereanlamun kudu ngaenyakeun yen Kang Rachmat ngabohong jeung ngarahul. Kuring percaya, Kang Rachmat teh bageur, bakal bisa nohonan jangji-jangjina pikeun ahirna ngawin kuring, paling telatna taun hareup.

Imas, anu keur kabungbukengan tadi, kawilang awewe anu loba kabogohna. Manehna teh randa ngora, anu randana teh geus ngaduakalian jeung ayeuna. Sabenerna memeh jeung Rachmat ayeuna, tilu bulan ka tukang Imas geus boga kabogoh ka duda anu ngaku urang Tasik, ngaranna Aris. Cenah mah, Aris teh ngaduda alatan ditinggalkeun maot ku pamajikanana. Hubungan Aris jeung Imas kawilang gancang. Dina jero waktu singget pisan, Aris jangji rek ngawin Imas, rek meuli mas kawin. Atuh Arisna sorangan geus neundeun omongan ka kolotna Imas. Tapi, anu jangjina rek datang saminggu sanggeus lebaran teh, geuning teu embol-embol.

Imas ngarasa kuciwa jeung hanjelu. Sajaba ti rasa wirang ku tatangga, ka dulur-dulurna oge Imas teh geus bebeja rek dibere mas kawinna oge emas 50 gra,.

Tapi, teu ku hanteu. Eta pangalaman teh keur Imas teu ieu jadi eunteung geuningan. Lalakon manehna tepung jeung duda oge geuning bisa sakitu nguciwakeunana, komo ayeuna, jeung lalaki ngaran Rachmat anu puguh-puguh boga anak pamajikan. Malah anakna teh dua!

Batan kapok anggur gawok, ninggang pisan babasaneta teh kana lalakon Imas ayeuna.

Teu lila dikucikakeun ku urang Tasik tea, wawuh jeung Rachmat. Hubungan Imas jeung Rachmat, ayeuna geus layout pisan. Teu sirikna unggal usik Rachmat ngapelan Nyi randa pujaan teh. Teu nolih beurang peuting, Imas saban usik pageye-

geye, geus teu eraeun jigana teh lamun disebut salaki pamajikan oge.

Teuing rek kumaha jadina eta hubungan dua insan teh. Tapi anu pasti, carita cinta segi tiga anu kaalaman ku Imas jeung Rachmat teh lain ukur hiji dua, lain ukur aya dina carita.

(Dikutip dari *Mangle No. 1986 hal. 44*)

CIMATA INDUNG Ku Komalawati. S

Bari angkaribung ku babawaan, gagancangan kuring leumpang mapay galengan, ninggalkeun lembur. Di hareupeun warung Ceu Enok, kuring eureun bari ngecagkeun dua jingjingan. Gek diuk dina bangku panjang paragi dariuk nu ngaradon ngopi bari nyegat mobil elep atawa beus.

"Na... asa suwung kieu, ieu teh, Ceu?" cekeng bari top nyokot bala-bala haneut hiji, tuluy dihuapkeun. Biasana tabuh sakitu, di warung Ceu Enok sok pinuh ku nu barang beuli utamana nu rek nyaba, sok ngadon ngopi heula cara kuring ayeuna, bari nyegat mobil.

"Tadi... Kang Karna jeung Mang Amud, ngaropi. Rek nyaraba ka Bekasi. Cenah aya pagawean. Dulurna nu ngumbara di ditu, rek ngadegkeun deui imah. Karek bieu pisan naek beus.

"Oooh...! Ceu, nyungkeun cai!"

Ceu Enok ngasongkeun gelas balingbing eusi cienteu panas. Saeutik-saeutik, kuring ngaregot. Tuluy nyokot goreng ketan. Am, disamualkeun. Untung teu meleg, da ketanna leutik. Lapar, atuda ti imah can sempet sasarap. Rurusuhan, bisi tinggaleun beus. Ari tepi ka jalan gede, beuteung karasa lapar. Antukna, ngetem heula di warung ieu. Kabita ningali bala-bala jeung ketan.

"Rek ka mana ari Nyai Ipah?" Ceu Enok nelele-nelele kuring nu dangdan beda ti sasari. Sanajan anyar balik ti Saudi, panampilan kuring teu kawas TKW nu lian. Sakapeung sok marahiwal, sagala dipasangkeun. Make pakean nu moronyoy jeung hurung ku papaesan. Oge wedak jeung lipensetip nu kandel. Kuring mah basajan we da tadina ge ti lembur, teu hayang ningalikeun boga duit, malah kalah ngabibita bangsat.

"Eu... ka... Cianjur, Ceu!"

"Ka saha?" Ceu Enok kerung.

"Ka..." luk, kuring tungkul. Sok sieun pajarkeun rek nepungan popotongan. "Hayang tepung jeung budak, Ceu."

"Ooooh... enya, kakara inget budak Nyi Ipah teh di Cianjur. Geus badag meureun budak teh?"

"Genep taunan, Ceu."

"Ari Wawan, geus boga deui pamajikan?"

"Haaar...ari Ceu Enok na teu terang? Pan abdi diserenkeun teh alatan Kang Wawan kawin deui ka nu sejen! Batur sapagaweanna di pabrik sepatu."

"Ku nurustunjung ari lalaki!"

Kuring nyereh, sanajan hate nyeredet. Ras inget, waktu Kang Wawan kawin deui tanpa sakanyaho kuring. Nyeri hate teh lain bobohongan. Kuring menta diserahkeun. Teu sudi didua. Teu suka dipangwayuhkeun. Hate dirarajet matak begang awak. Leuwih hade kuring hirup sorangan tibatan jadi nu kolot bari teu kungsi dicukupan pangabutuh. Harita Kang Wawan daek nyerenkeun asal make sarat, budak kudu milu ka manehna, dibawa ka Cianjur, lemburna. Tadina kuring teu narima, tapi sanggeus pihak kulawarga kuring jeung Kang Wawan badami, yen budak tetep rek cicing jeung bapana, tapi kuring bebas nepungan ka Cianjur. Jangji kulawargana, budak ge bakal mindeng dianjangkeun ka Panamur, lembur kuring, supaya bisa panggih jeung kuring, tur silaturahmi bisa manjang. Mudah-mudahan. Ku kituna mah kaharti. Leuwih hade budak nu datang ka Panamur, da ari kudu kuring nu ka Cianjur mah, euh...pimanaeun ongkosna. Ongkos ka Cianjur teh pan mahal, kudu buburuh tandur heula sababaraha minggu.

Najan rada medenghel, ahirna kuring ngelehan. Dua bulan ti harita, kuring didaftarkeun ka sponsor nu aya di Malangbong, jadi calon TKW, bari guling diri. Malah mun fit, kolot kuring ditinggalan kana sajutana. Kuring kabita. Sanggeus di Jakarta cicing di PT, kuring dinyatakeun fit. Teu lila, kuring ngapung ka Saudi. Saenyana, kuring bari mapalerkeun kakuciwa, ngubaran kapeurih hate nu geus dirarajet ku Kang Wawan.

Karasa, aya cai dina kongkolak panon kuring.

"Nyi Ipah!" Ceu Enok ngagebah lamunan kuring bari katingali carinakdak. Meureun ngarasakeun kapeurih hate kuring.

"Nyi Ipah ngora keneh. Panjang keneh lalakon. Jaba geulis, tangtuna rea lalaki nu miharep!" Ceu Enok kawas nu ngupahan.

"Saha atuh Ceu, lalaki nu miharep abdi? Abdi saukur rangda ti kampung, anak jalma malarat."

"Tong kitu, Nyi Ipah!" Ceu Enok diuk gigireun kuring, "Ayeuna Nyi Ipah geus beda jeung baheula. Nyi Ipah geus bisa ngadegkeun imah kolot sakitu agrengna. Nyi Ipah geus ngabagjakeun nu jadi kolot. Bagja!"

"Tapi kabagjaan kulawarga di lembur can sampurna, Ceu, lamun budak masih keneh jeung bapana."

"Aeh... apan Nyai teh lain rek ka Cianjur?" Ceu Enok ngagareuwahkeun. "Jung atuh, bisi kaburu beurang. Ku Euceu didu'akeun, sing salamet di jalan!"

"Euleuh... enya, Ceu Enok!" kuring geuwat nangtung bari ngodok saku calana lepis, ngaluarkeun duit rebuan dua lambar urut ngopi bala-bala jeung ketan. Bakating anteng ngobrol jeung Ceu Enok bari nyawang mangsa ka tukang nu pikasediheun, poho kuring keur ngadagoan beus nu bakal mawa ka Cianjur. Apan kuring teh hayang geura panggih jeung beubeulahan hate kuring.

Reg, beus Merdeka jurusan Banjar Jakarta, eureun hareupeun warung. Kuring naek. Babawaan anu loba, dikana bahasikeun ku kondektur.

Salila di perjalanan, kuring nyipta-nyipta bakal panggih jeung Abang, buah hate kuring. Harita waktu dibawa ka Cianjur, umur budak teh opat taun. Keur meujeuhna capetang sagala dicaritakeun. Keur meujeuhna barang dahar, sagala sedep. Mangsana kembang buruan.

Kumaha rupa budak ayeuna sanggeus ditinggalkeun dua taun ka Saudi? Keur leutik mah Abang teh awakna lintuh pikaresepeun. Kulitna hideung santen, tapi katingali manis. Lamun nyerengeh, katembong aya kempot dina pipina. Lucu budak teh, pikageugeuteun, pikanineungeun. Emh, barina ge saha atuh jalmana anu teu nyaah ka anak? Sato wae nyaah, komo manusa....

Beus eureun di Cipatat. Nurunkeun panumpang, tuluy nyemprung deui. Ret kana arloji, satengah sawelas. Wayah kieu mah, bangunna Abang geus mulang ti sakolana. Pan geus sakola ayeuna mah, geus kelas hiji. Didu'akeun Ucu ku indung. Sing tepi ka juncung sakola teh, tong kawas indung hidep nu ngan saukur

bisa di lembur jauh ka bedug. Ucu mah sing bisa ngahontal naon nu dicita-citakeun. Peupeuriheun indung nu teu tamat SD-SD acan da teu kawaragadan. Antukna, ukur bisa jadi TKW, jadi bujang di nagara deungeun. Taya pilihan deui.

Beungeut budak ngolebat deui. Beungeut dua taun katukang. Manis, lucu, alewoh tur pikaresepeun. Beurat kuring teh ninggalkeun budak. Ngan kapaksa ingkah, bakating ku kabelit ku pangabutuh. Enya ge cicing di kampung, tapi kuring katut kolot teu boga sawah kawas batur. Beas tangtuna kudu meuli. Kadua kolot kuring kuli ka batur, purah macul, ngarambet, tandur jeung naon we sagawe-gawe, pikeun bisa nedunan eusi peujit. Bari angger teu cumpon, da kudu sagala dibeuli sanajan cengek oge. Loba pepelakan di buruan batur sabangsaning kaperluan nyambel jeung lalab, tapi maenya ari kudu barangpenta wae mah.

Lian ti hayang nyugemakeun nu jadi kolot, nekad indit ka Saudi seja mapalerkeun bangbaluh hate. Seja mopohokeun kanyeri jeung kapeurih alatan dihianatan ku Kang Wawan.

Alhamdulillah, mulang ti Saudi, kuring bisa meuli tanah jeung ngadegkeun imah. Imah nu tiheula, nu bilik, panggung tur leutik dirobah jadi kandang domba. Jero imah oge dieusian ku rupa-rupa parabot nu anyar meuli ti mebel di Malangbong. Korsi, lomari, risbang, tipi jeung sabangsana. Teu, kuring teu hayang balik deui ka Kang Wawan. Kuring ngarasa reugreug ningali kolot bungah. Ngan hanjakal, aya nu kurang dina hate. Buah hate kuring teu aya di dieu, nyicingan imah nu bisa disebut sigrong, ngadiukan korsi anyar, sare dina risbang nomer hiji, lalajo tipi dua puluh hiji inci nu cekas.

Ah, Abang....

Umurna geus genep taun. Jadi ras inget genep taun katukang. Ngandung tepi ka brolna, hirup teh mani werit pisan. Seuseut seuat, dahar isuk sore henteu lain bobohongan. Kang Wawan teu aya gawe, geus meh satengah taun di-PHK ti tempat gawena, pabrik tekstil di Racaek, bari tanpa pesangon. Kahayang teh aya gadag. Keun soal milu ngaheuringan imah butut kolot kuring mah, teu nanaon. Tapi, cing atuh gawe naon we sagawe-gawe. Tapi da, lebeng we. Ancrub ka sawah, teu daek. Dititah ngarit sakali-kali ge, kaleked. Atawa milu ngaduk atuh ka nu keur ngadegkeun imah. Di lembur ge sok pirajeuneun aya nu ngajak nyaba ka dayeuh jadi kuli bangunan, tapi gideung jeung gideug we. Cape cenah gawe kitu mah. Abong urang kota, pipilih

kana pakasaban. Padahal sanajan manehna boga ijazah SMP ge, can karuhan kabeh pabrik nu aya di Bandung, daek narima.

Waktu Abang gubrag ka dunya, tada teuing sedihna. Teu boga perenel-perenel acan. Orok beureum dibungkus ku samping kebat butut. Eta oge nginjeum ti paraji. Hadena aya nu haat mere sarigen rupa-rupa pakean orok ti mimiti baju, popok, gurita jeung nu lianna. Sanajan urut, geus taya warnaan baris mindeng diseuseuh, tapi ku kuring disuhun dina embun-embunan. Nu mere ngaran budak teh sabenerna mah lain kuring atawa bapana. Tapi Bu Yati, tatangga di lembur nu kacida bageurna. Nyeumpal orok ge tepi ka saratus rewu. Karunyaean meureun ningali kaayaan kuring nu rudin tur prihatin ka orok. Ukuran di lembur mah kacida gedena. Bu Yati mah jalma ngarti. Atudan pensiunan guru SD. Cenah baheulana sakola di SPG. Hebat, bagja pisan. Tanda kaasih, Bu Yati mere ngaran anak kuring sakitu alusna, tapi weleh kuring teu nyaho hartina. Bangkit Andika Putra, ngan nenehna Abang. Saur Bu Yati, orok teh lahirna ping 20 Mei, bareng jeung mepeling hari Kebangkitan Nasional. Ari dina sirah kuring, ngaran budak nu geus disiapkeun teh iwal Mulyana, Nurdin, Sulaeman atawa Solihin we. Teu aya deui.

"Teh botolna... teh botolna... teh botolna... nu dingin...."

"Mocina Ibu... asli Sukabumi...."

"Tauco, tauco, tauco...."

"Gehu, gehu, gehu...."

"Sayang anak, sayang anak...."

"Jeruk, jeruk, jeruk asli Pontianak. Mirah geura... mangga diraosan heula...."

"Assalamu'alaikum, Bapak Ibu punten sakedap ngaganggu...."

Song-song, ngabagi panumpang amplop hiji sewang.

"Selamat siang!" jreng jreng... "Mobil butut... kaluaran baheula...."

Ceuli asa bongge. Teu puguh dedengean. Nyung nyeng, reang... Matak racleng tai ceuli. Kahayang mah, beus teh tong kudu eureun di pasar Ciranjang. Kagok, sakeudeung deui ge tepi ka Cianjur.

Kuring ngageberan beungeut nu pinuh ku kesang, ku kipas meunang meuli tadi ti nu ngasong di parapatan tol Cileunyi. Awak karasa bayeungyang. Tuluy ngodok tina tas dina lahanan, botol aqua urut nu ti imah meunang ngeusian ku cihrang tina

kendi. Regot nginum. Seger, waktu cai ngabaseuhan tikoro nu garing.

Teu kungsi lila, beus ngageuleuyeung. Hate kekejotan teu kuat hayang panggih jeung Abang. Kacipta atohna budak nempo kuring angkaribung ku babawaan. Aya mobil remot, meulina ge nitip ka Bu Yati waktu anjeunna nyokot pensiun ka Garut kota. Aya playstation katut kaset-kasetna. Eta ge meulina nitip ka Jang Dedi, putra Pa Lebe nu kuliah di Bandung tur nyahoeun tempat meuli barang elektronik nu murah. Lain kuring hayang gagayaan, abong balik ti nagara deungeun, mere cocooan nu marahal. Di Panamur ge teu aya nu ngaboaan cocooan nu mahal cara kitu. Bubuhan ngobrol jeung batur sarua bujang di Saudi, nu sarua boga budak sapantar kuring. Mobil remot jeung playstation cocooan budak ayeuna di kota mah cenah. Atuh kuring ge hayang nyugemakeun nu jadi anak. Maenya we balik ti Saudi, ukur mere cocooan momobilan tina kulit jeruk. Teu usum!

Minggu kamarina ge, kuring ka pasar Lewo, meuli pakean Abang sababaraha setel. Teu poho, kantong jeung sapatu bari dikira-kira nomerna da puguh teu nyaho. Tada teuing bungahna budak teh. jabaning Ema mahanan rupa-rupa kadaharan ti mimiti pais lauk, sambel oncom, goreng ulen, opak ketan, kiripik sampeu, ladu, jeung wajit olahan Ema sapeupeuting. Hayang ngabagjakeun incu nu jauh, nu ngan hiji-hijina. Peupeuriheun, salila dua taun kuring di Saudi, Kang Wawan teu kungsi datang ka Panamur sakumaha jangjina baheula. Kolot kuring ge ngarasa boga hak, hayang panggih jeung incu. Sabenerna mulang ti Saudi teh geus aya dua mingguna, tapi ku cape... ngadon ngahenang-ngahening we bari ngamandoran nu barang gawe waktu ngadegkeun imah, bari neuteup balong meunang meuli kuring. Lain teu inget ka budak. Ingetna mah nataku, ngan nunggu waktu nu salse.

"Ma, ari Abang apal keneh kituh ka abdi?" tanya kuring waktu karek datang.

"Tangtu we atuh, Ipah. Maenya ka indung poho!"

"Pedah we harita budak teh leutik keneh."

"Leutik teuing henteu. Umur opat taun mah geus inget ieu... da geus hideng...."

"Ari poto Ipah aya kituh di Cianjur? Bisi Abang hayang ningali rupa abdi."

"Duka teuing atuh, Pah. Maenya we... tapi sigana mah aya. Najan Wawan mah da moal ngampihan. Paling, di urut mitoha maneh mah jigana aya!"

Kuring ngarenjag. Beus geus aya di terminal Rawabango. Gura-giru kuring turun, tuluy kondektur nurunkeun babawaan tina bahasi. Ti jalan gede, kuring naek angkot nu ka Cikidangkeun.

Reg, angkot ngarandeg di sisi jalan. Kuring can waka ngalengkah, anggur nangtung bari nyipta-nyipta budak. Kacipta budak ayeuna keur ulin di buruan jeung batur sapanarna.

Kuring keketeyepan nyampeurkeun Abang nu keur nukang. Rek dipeungpeun panonna.

"Ieu saha?" tanya kuring.

"Nini."

"Sanes."

"Ua Iyam?"

"Sanes!"

"Bi Tati!"

"Sanes!"

"Sanes!"

"Ceu Iroh?"

"Sanes!"

"Teh Neni nya?"

"Salah sadayana. Nu leres... ieu Ibu."

"Ibu?" Budak siga nu heran. "Ibu saha?"

"Ibu...Abang!" cekeng.

"Bohong!"

"Leres!"

"Pan Ibu Abang mah teu aya. Nyaba tebih ka ditu... ka Arab!"

Hate ngageuri, sedih.

"Tingali geura..." kuring ngaleupaskeun peungpeunan tuluy malikkeun awak budak. Celengok, tarang budak dicium.

"Ieu Ibu, Abang!"

"Ibuuu!" budak ngagabrug. Ku kuring diusapan. Deudeuh teuing anaking...

Kuring muka panon. Emh, na... lamunan teh. mani teu sabar ari kuring, kapan ayeuna ge bakal panggih jeung Abang?

Atuda, geus kaimpi-impi wae budak teh, katembong wae dina kongkolak panon....

Kuring muru imah kolot Kang Wawan. Bejana, Abang mindeng ulukutek di dinya. Sanggeus uluk salam, kuring diuk dina korsi tengah imah. Kolot Kang Wawan duanana aya, teu aya riuk-riuk atoh katangan kuring. Kitu oge lanceuk jeung adi Kang Wawan nu nyampak di dinya, jajaueun ka someah ngabageakeun semah nu jauh bari urut dahuan. Ieu mah, kurawed haseum... bari dulak-delek. Kuring nyoba sabar. Keun da niat kuring ka dieu soteh hayang panggih jeung budak.

"Kahayang teh budak mah tong kudu diteteang!" urut mitoha lalaki muka carita. Kuring ngusap dada.

"Barina ge di dieu mah budak teh kacida kajaminna. Jaba Nunung mah geten...." urut mitoha aweue ngagulkeun pamajikan Kang Wawan.

"Dupi Abang... ayeuna mana?" kuring nyalenggorkeun obrolan.

Teu aya nu nembal.

"Assalamu'alaikum..." aya sora budak lalaki, uluk salam. Tuluy panto muka. Kuring cengkat. Budak lintuh, make pakean bola. Surungah-serengeh ka nu di jero imah, tapi ngadadak baeud waktu ningali kuring.

"Abang...." kuring nangtung. Dua leungeun dikahareupkeun, ngadago budak nyampeurkeun. Teu kuat hayang ngagabrug. Tapi ningali pasemon nu boga imah...

"Eta culik nya?" Abang mencrong ka kuring bari siga nu sieun.

"Sanes, kasep. Ieu Ibu. Ibu Ujang. Yap ka dieu bageur..."

"Alim! Eta mah culik! Abang ge terang! Eta nu aya dina potu!" budak ngagorowok.

"Abang...." kuring nginghak.

"Saur Apa, nu dina potu teh culik!"

"Sanes!"

"Meunggeus!" indung Kang Wawan nyentak tarik. "Geus puguh budak teh sieun!"

"Culik... culik... sieun culik...." budak murungkut. Kuring maksakeun nyampeurkeun. Ari berebet teh, budak lumpat kaluar bari gogorowokan, culik culikan.

Hate ngajerit. Gustiii... ku harianeun ari Kang Wawan. Kuring teh indungna, indung nu kungsi ngandung salila salapan bulan. Deudeuh teuing anaking... ieu indung.

Hate ngalaketey, bari terus nginghak.

MANG JATMA Ku Sudinta Suryakanta

Mang Jatma. Sapopoena teu boga cabak nu maneuh, ukur kitu we purah ditutah-titah, mimindengna mah nyuluran nu teu bisa siskamling. Ari cicingna dina sosompang tukangeun warung Bi Jumsih sisi Cikapundung, dipangnyieunkeun sorondoy ku Mang Kanta, salakina Bi Jumsih. Sakitu ge untung keneh aya nu haat ngampihan, mun henteu mah meureun kapaksa kudu gular-goler di masigit atawa pos kamling. Saurang ge kawasna euweuh nu nyaho inya kana raratanana, jeung deuih sigana teh euweuh nu pangangguran natanyakeun, hare-hare we satungtung teu ngaganggu mah. Mungguh kitu da hirup di kota mah, aing-aingan. Eta ge aya ari dongeng ngeunaan manehna mah sautak-saeutik, nu ku kuring kadenge majar manehna teh boga elmu, duka teuing elmu nanahaon.

"Lah encep mah... na elmu naon atuh ari Emang? Sakola teu kungsi, masantren baroraah. Manasina Encep... pan sakola ge sakitu luhurna," cenah, bari ngaheheh basa sakalina kuring pangangguran nanyakeun.

Sanajan geus kolot tapi awakna mah cangker keneh dibarung ku tagog nu matak sawan budak, amprotan.

Enya tuda buuk jabrig, kumis sangga dulang bari akar bahar tara lesot meulit na pigeulangna. Ali we sagede-gede muncang, sabatae mun dipake neke teh. Nu matak teu aneh mun aya oge kelecas-kelecis majar manehna ruruntuk euwah-euwah teh. Tapi teuing ah, nu penting da bageur ayeuna mah. Atuh kana solat teu sirikna dur cong, meh unggal waktu deuih tateh.

Ari ayeuna geus aya kana dua mingguna Mang Jatma gering, rada ripuh kawasna mah da tara katembong ngulampreng.

Basa dilongok ku Pa Erte ge ngagojod we di enggonna. Ditawaran rek diubaran ka puskesmas kalah kekepehan. Majar teh teu boga keur nebus ubarna. Disedek-sedek yen rek dipangnyieunkeun tungtungna wakca... sieun disuntik cenah.

Pa Erte tiba nampanan ubar.

"Kasawat naon atuh Mang, mani asa lami-lami teuing?"

"Ah biasa we... kasakit kolot, nyenghel basa mulang teh.

Kajurung ku karunya sakali mangsa mah kuring hideng mangmeulikeun ubar, kitu we sabangsa obat bebas paragi panas tiris galingging.

Meuli dua setrip laju dianteurkeun ka imahna sore-sore basa balik ti pagawean.

"Kumaha Mang aya eungkeut-eungkeut?" cekeng basa geus jonghok.

"Aduh... nuhun Cep, ieu mah janten ngarerepot atuh Emang teh, alhamdulillah sakinten ayeuna mah," cenah bari sagala karasa."

"Eta cenah saur Pa Erte majar emang alim disuntik, pedah weduk panginten Emang mah nya, moal teurak ku jarum," kuring ngaheureuyan.

Mang Jatma mani ngehkey dicitukeun teh.

"Eta ku deui-deui nyebut Emang ngelmu," cenah bari nyusutan panonna nu cirambay "Emang mah saukur ngarumasakeun we cep, disuntik komo meureun langkung awis, sedengkeun Emang ti mana atuh?"

"Pan bade dipasih an ku Pa Erte?"

"Isin tuda ari seueur-seueur teuing mah masing dipasih an ge."

"Eta Mang seueur nu naroskeun, panginten bade masihan padamelan."

"Muhun puguhan ge, malihan cikeneh Cep Dedi ti dieu dijurangan ku apana, cenah mah bade miwarang ngapur benteng, tapi kumaha da can kaduga."

Ari keur kitu mah karasa jelema teh leungiteunana. Nu rek ngeduk solokan mendet, kateug. Nu rek nitah nutuhan tangkal, pugag. Atuh nu hayang disuluran siskamling kapaksa tiris tiris ge kudu ka pos sorangan ari teu hayang digambreng ku pangurus mah.

Enya aringet soteh ngan saukur lantaran leungiteun euweuh titaheun, ari nu haat neang mah sigana ngan ukur Pa Erte we, eta ge teuing mun ngan saukur kajurung ku kawajiban minangka pangurus mah.

Tapi sigana keur manehna mah teu ieuh jadi pikiran, gering salila-lila bari nyasatna euweuh nu ngalongok ge teu jadi bangbaluh.

Eta we salila ngawangkong ge teu katempo ngangluh ieu sanajan kajudi ku kuring ge, ti mana pakeun hirupna salila gering aya mingguna teh.

Bisa we meureun eta ge dibere nganjuk ku Bi Jumsih tapi pan taureun, pikeun nu hirupna koreh-koreh cok kawas manehna mah tangtuna ge bakal karasa beurat.

Basa amitan, ku kuring dikeupeulan. Teu rea, pedah we boga honor ngalembur basa tutup buku minggu kamari, sanajan mimitina kekepehan ge tungtungna mah daek oge narima.

Heuleut opat poe ti saprak dilongok Mang Jatma geus mimiti katempo ngulampreng deui, malah mah peutingna geus cindekul di pos kamling.

Saenyana Mang Jatma mah aya atawa euweuh nu disuluran ge ari tipeuting teh sok aya we di pos, sumawonna mun giliran manehna mah.

Rek naon di imah ge meureun, lain imah ketang da asana leuwih merenah mun disebut gowok, rarupek hareurin. Bororaah pikabetaheun, matak mending di pos we bari ngadagoan tunduh.

"Kade Mang bisi karugrag keh," cek kuring da kaciri beungeutna masih keneh haropak.

"Kesel tuda cep ari numpi wae mah."

"Nya wayahna we atuh Mang, mangkaning usum halodo kieu yeuh, nya angin nya tiris deuih."

"Kumaha tuda... tibatan usum bangsat mah."

Jeung enya deuih ti saprak Mang Jatma gering teh bet asa jadi loba leuleungiteun. Sanajan ngan kitu we saukur hayam, popoean atawa paling gede sapedah budak, tapi teu wudu matak musingkeun. Jeung mun diantep mah beuki lila bakal beuki wani bangsat teh, bisa jadi tuluy we cocorokot ka nu leuwih hargaan.

Kaharti ari dina kituna mah da manehna teh sasatna jadi kapetengan kang Adang kokolot seksi kaamanan. Nya ngarasa kudu milu tanggungjawab meureun.

"Lah keun we Mang, da sanes kawajiban Emang wungkul atuh ngaronda teh."

Mang Jatma nyeregeh, manehna ge ngartieun ka mana leokna omongan kuring, enya ka nu sok garetol siskamling... muruhkeun.

"Emang mah sok bari malikan panineungan ari kamling teh cep, waas... inget jaman keur ngora baheula basa jadi OKD di lembur."

Tah tah... siga rek ngadongeng yeuh.
 "Atuh kalebet pejuang Emang teh nya?"
 "Aah... ukur kitu we Emang mah... ula-ilu ngajaga lembur."
 "Tapi kantos ari ngiring perang mah nya?"
 "Nya ari lembur aya nu ngaranjah mah kapaksa we galungan, sanes perang atuh heh heh heh..."
 "Sanes Mang, cenah mah sok aya nu ngaduruk lembur sagala harita teh?"
 "Aya eta ge, malah lembur Emang mah dugi ka seep jadi lebur."
 "Walah... aya nu korban panginten nya?"
 "Kantenan we atuh, malihan mah..." manehna kandeg, beungeutna ngadadak bareubeu.
 "Tumpur kulawarga Emang mah... anak pamajikan taya nu katulungan.."
 Sakedapan taya nu lemek, kuring bareuheudeun rumasa asa geus ngahual-hual ingetan lawas nu matak pikanyerieun manehna.
 "Mun aya mah Si Ujang teh saumur Encep meureun ayeuna teh..." cenah bari melong, dina panonna katembong aya nu ngembeng.
 "Tuh Cep, Emang ge kabeunangan harita teh," sambungna bari nyengledkeun bajuna. Enya we dina taktakna katempo aya ceda nu rada gede.
 "Ari lembur Emang teh di mana kitu?"
 "Tebih cep, lembur singkur di bawahan Cisayong di tutugan gunung Galunggung, lah moal terang encep mah panginten."
 "Ah teu kitu mang, da kolot abdi ge ti Ciawi."
 "Kutan?"
 "Muhun, malah mah di Cisayong ge aya dulur."
 "Tapi da lembur Emang mah singkur pisan cep, Cisayong ge ukur kasebutna wungkul."
 Wangkongan kapegat ku nu daratang rek kamling. Komo barang datang nu nganteuran opieun mah, rarecok bari retop kana bala-bala jeung goreng sampeu.
 Kuring gura-giru amitan balik sanggeus nyokot bala-bala sasiki, angkanan teh hayang sare sore-sore, da isukan rebun-rebun kudu ka pagawean, jaba peutingna kagiliran kamling deuih.

Ari rek ngahiras Mang Jatma asa era, rumasa warga anyar tuda kuring mah di dieu teh, can jejeg genep bulan ngontrak imah ge.

Datang ka imah brus mandi tuluy solat isa, di imah we nyorangan da ku nu di masigit mah geus tinggaleun.

Sanggeus dahar duka bawaning ku cape atawa teluh lauk jeung kangkung, mani kawas nu dibeubeutkeun kana kasur teh, dug sek.

Kawasna wanci janari basa pamajikan walahwah-weuleuhweuh ngahudangkeun, cenah aya kajadian di imah Pa Otong.

Bari lulungu kuring bijil ti imah. Di luar loba nu lalumpatan ka lebah imah Pa Otong bari tingcorowok.

Kasampak jelema ngagimbung, aya tilu nu ngajoprak na taneuh. Nu hiji mah keur hantem pada narajongan keneh sanajan ampun-ampunan ge. Nu hiji deui geus teu usik teu malik. Ari nu hiji deui... Mang Jatma!..., sarua geus teu usik.

Cek nu araya cenah mah aya bangsat kaperego ku Mang Jatma. Ngan bangsatna lobaan bari marawa pakarang, malah mah kana mobil sagala. Duka nekad lantaran kaperego atawa nguntup pedah ka nu nyorangan jaba kolot lemor, ituna kalah malikan. Mang Jatma tohtohan ngalawan bari dikerepuk, bangsat rubuh duaan kabeunangan. Nempo kitu nu sejenna kalabur kana mobil.

Ngan nya kitu, Mang Jatma teu katulungan da tatuna mani darewang saawak-awak.

Mang Jatma. Mang Jatma. Katampi ku sarerea bumela sareng babaktina Emang ka sarerea, kuring ngagerentes bari ngangres.

Ngong adan subuh pulisi kakarek jebul. Padahal mah pos pulisi teh teu jauh teusing, duka mun nu laporanana kaleked mah.

Mang Jatma jeung bangsat nu saurang dibawa ka rumah sakit, ari anu saurang deui dibangkol laju dibawa ka kantor pulisi.

Kang Adang laklakdasar nyeuseukan nu kamling teu nepi ka anggeus. Temahna nya kitu, Mang Jatma nu nyorangan kudu jadi korban.

Kuring teu milu ka rumah sakit nganteurkeun, da disasarung keneh, jaba can solat. Angkanaan teh engke we rada beurang rek nyusul.

Rek sajungeun pisan ka rumah sakit ari jol teh bapa sumping, kuring rada reuwas oge bapa bet ujug-ujug sumping jaba isuk keneh pisan.

"Geuning bapa?" cekeng bari nyolongkrong.

"Puguh bapa teh rek kontrol ka rumah sakitu ari pek loket tinggaleun, untung we saongkoseun mah aya. Cing mun boga mah nginjeum heula dua ratus, Elu."

Angger bapa mah ka kuring teh nyebut "jalu," kasebut jagjag keneh sanajan geus sepuh ge, ngan jadi rada lalian ti saprak dikantun ku ema dua taun katukang teh.

"Mangga Pa, sareng kaleresan deuih abdi ge bade ka rumah sakit da, urang sareng we atuh."

"Hah, aya naon kitu?"

Barabat kuring nyaritakeun kajadian subuh tadi.

"Jatma? Urang mana cenah?" saur bapa bari siga nu ngemut-ngemut.

"Surna mah ti caket lembur urang, ti Cisayong cenah."

"Siga kumaha jelemana?" saur bapa bari mencrong.

"Hayu!" cenah ngagentak pisan basa kuring anggeus nyaritakeun adeg adeg Mang Jatma.

Bari olohok kuring nuturkeun bapa nu angkat rurusuhan pisan.

Sajajalan na angkot bapa balem teu nyarios. Kuring bati heran, na aya patali naon atuh antara bapa jeung Mang Jatma teh? Tapi ningal bapa kitu kuring teu wani nanya.

Lungsur tina angkot hareupeun rumah sakit bapa ngagedig deui muru kamar jenazah, kuring ngiclik meh mehan tinggaleun.

Bubuhan pangsiunan tentara angkatna ge gagah keneh bapa mah.

Di luareun kamar jenazah kasampak tatangga ngaliud sababaraha urang, kaasup Kang Adang. Sabot kuring sasalaman bapa mah blus ka lebet, taksiran mah rek ningal mayit Mang Jatma.

Basa rek nyusul ka jero bapa kaburu kaluar deui, rarayna biasa we malah mah bari rada imut.

"Ih... sugan teh Sujatma sobat bapa di lembur baheula... hayu ah elu, bapa mah rek ka poliklinik rek kontrol," cenah bari nepak taktak.

Kuring ngembang kadu.

GALINDENG FATIHAH

Ku: Iwan Setiawan

Ari kasebut mindeng mah henteu ngimaman teh. Teuing kumaha, sok rada merod hate. Mun aya batur keneh mah, sok ngahaturkeun we. Kajaba mun geus taya pisan nu daek-pareng ustad-ustad nu biasa aya halangan, heg teu ka masjid-kakara sok maksakeun maju. Ku dihayoh-hayoh tea pangpangna mah ku batur, da dianggap rada bisa, ceuk pamikir maranehna.

Mimitina mah asa biasa wae babacaan teh. Lebah ngalapadkeun fatihah jeung surat sejenna, ah da sabenerna ti bubudak ge jaman keur ngaji osok dites ku guru ngaji, taya kajadian nanaon. Malah dites ngimaman sagala jeung papada budak. Sumawonna geumpeur, da tara. Ongkoh kuring teh da guru. Unggal poe nyarita hareupeun murid atawa orang tua muridna, maenya rek kasima kitu bae.

Ngan nu jadi pikiran teh lebah ngalapadkeun fatihah, bet sok asa-asa. Lain asa-asa pedah ngagorolangkeunana. Ieu mah asa-asa teh, pedah mun ngimaman lagam teh sok ngaleok ka lebah dinya. Ka lebah lagam fatihah nu asa wawuh. (Duka ari kitu hebat henteu nya? Mudah-mudahan we teu matak ngabarubah kana solat nu lian, nu harita ngaamum!)

Sidik lain lagam kuring! Tapi mani asa geus wawuh pisan jeung hate. Asa mindeng galindengna nyerep kana ceuli batin. Bet panasaran, ku hayang nyobaan lebah fatihah teh make lagam nu lian. Make lagam imam-imam nu pernah kadenge. Naha lagam H. Abdullah atawa lagam Ustad Rojik kitu lah nu remen kadenge mun ngamum shalat Magrib. Atawa lagam Abah Amin mun pareng mareng salat Subuh. Hih, da hese we. Leokna teh kana lagam eta deui bae.

Pareng berjamaah jeung anak pamajikan di imah. Leok teh angger ka dinya. Asa geus napel pisan kana letah. Tapi ari keur maca fatihah waktu dina riungan mah, mun hadoroh atawa tawasul, ah biasa we lagam (akuan) sorangan nu ngagerenggeng teh. Asa teu pungpar-pengpar kana lagam nu sok datang mun wanci shalat berjamaah tea.

Bet tuluy dicobaan dijojoan. Naha di lembur kitu? Rarasaan Ustad Aceng, da... lain kitu! Pa Entis, komo... beda pisan! Keur kuliah asa teu mungkin. Kapan imamna ge gunta-ganti tiap jumaahan mah. Atuh anu sok ngimaman magrib asa teu

timu, ku teu mindeng tea salat magrib di kampus, mun teu sakalieun aya kagiatan mah nu tuluy ngendong di himpunan.

Weleh teu inget!

Pilageuhan ditanyakeun ka pamajikan. Sugan we apaleun kana eta lagam tea. Pamajikan seuri mimitina mah.

"Sok nu lain-lain wae akang mah. Nu kitu bae jadi bahan pikiran," pokna teh.

"Ih, lain kitu, Nyi! Akang mah sok hayang apal we, naha mani napel-napel teuing lagam eta teh. Nyai ge meureun ngarasa, mun urang berjamaah. Akang sok ngahaja lagam teu hayang lagam sorangan, tapi asa ku hese. Leokna teh ka dinya deui ka dinya deui. Kawas geus asa lagam sorangan bae. Tapi, akang keukeuh. Eta lain lagam akang! Na ku asa mangaruhan pisan!" kuring ngajelaskeun ka pamajikan.

Dikitukeun pamajikan teh serius ayeuna mah. Tapi ari palebah ditanya raratan mah kalah gideug, pamajikan teh!

"Haji Nanang mah da teu kitu lagamna!" pokna kawas ngomong sorangan, "Ari akang mah da asa teu kungsi masantren lin?" manehna tumanya kalawan daria.

"Teu kungsi ari masantren mah. Mun ngaji mah da ti bubudak. Mimiti di Pa Udin, urang Babakan. Ti dinya ka Pa Haji Oman, da Pa Udinna ngalih bumina. Terus ka Pa Haji Kurdi lilana mah, tepi ka SMA kelas hiji asana. Meh opat taun," cekeng teh.

"Cobi emut-emut, di antara eta aya henteu nu lagamna kitu?"

Kuring ngahuleng sawatara kedapan. Asa kateuteuari sabenerna mah, kokotetengan neangan lagam boga saha. Sidik da lagam nu nyerep ka kuring teh teu kawas lagam ahli qiroat anu mahroj jeung laguna leuwih nikmat. Ieu mah da biasa, ngan pedah has doang jeung ku hese leupas tina letah ngimaman kuring, panasaranana teh.

"Kumaha, Kang? Aya emutan ka saha-sahana? Sugan ka... Pa Haji Kurdi! Pan lami akang ngadon ngaos di dinya teh," pamajikan beuki daria.

"Asa teu inget saeutik ge kana lagam anjeunna mah! Komo kasebutna jarang ngimamanna, da sok heuleut-heuleutan. Tilu poe aya, tilu poe teu aya."

"Naha? Sanes masjid eta ge kagunganana?" pamajikan panasaran.

"Enta. Ari cenah mah mun kitu teh nuju giliran ka istrina nu hiji deui. Puguh akang ge sok hayang seuri mun inget ka lebah dinya. Mudah-mudahan ieu mah lain rek ngomongkeun goreng. Enya, abong keur budak. Aneh memang ku harita. Keur budak, padahal geus SMP harita teh. Ku naon bet teu ngarti ku kecap giliran teh.

Matak basa Pa Haji Kurdi nuju teu aya, Akang kalawan polos nanyakeun ka Bu Haji. Ku geus teu asa-asa pangpangna mah. Bu Hajina kawas nu teu nganggap batur ongkoh ka nu ngaraji di dinya teh, kawas incuna. Dina dicarekan atawa dibere naon nu urusan jeung ngaji, tara dibeda-beda. Komo ka Akang nu sasatna murid kadeudeuh. Da mun naon-naon teh, 'Tuh kawas... Asep!', 'Conto atuh... Asep!' paribasana teh. Nepi ka si Marno mah nu harita ngajina dialeu-aleu, dibentak sagala ku Bu Haji teh. Tong sok dialeu-aleu, pajar teh. Leuheung mun siga... Asep! Mani rebeh irung akang teh harita," kuring seuri nyakakak inget ka lebah dinya teh.

"Keur mah rebeh ongkoh akang mah!" pamajikan seuri ngengklokkan.

"Enya, sih nu mancung!" cekeng teh, bari meungpeuk irung pamajikan.

Pamajikan kalah beuki nyikikik nepi ka seeleun.

"Geus, ah! Terusna kumaha?" pamajikan museurkeun deui obrolan.

"Bu Haji ngambekna mah, eta meureun lain jadi alus dialeu-aleu teh si Marno mah, kalah ka ngabaribinan. Keur mah si eta mah rada pupujeun deuih!

Tah, harita akang nanyakeun teh polos pisan. Maklum keur budak ieu! Ceuk akang teh, Bu Haji ari Pa Haji teh giliran ngimaman di masjid mana? Rarasaan mah biasa eta pananya teh. Maklum tadi ge, keur budak ieu! Atuh babaturan papantaran ge nu sarua teu apal, biasa we kawas nu rek ngabandungan. Atuh barudak saluhureun, model Teh Aneng jeung Ceu Ade sareuri. Sok sanajan kawasna, mun kaperhatikeun mah nu duanana teh sareurina beda. Rada dipengkek. Lain seuri nu biasa. Taksiran teh kagugu ku pananya akang we (nu calakan!).

Na ari kowowong teh Ma Ojah, nu harita keur ngaderes jeung ibu-ibu sejenna. Tayohna ngadangueun pertanyaan akang, ngojengkang ka palebah tempat barudak ngaraji. Nyarekan lak-

lak dasar. Na Asep, siah! Kawas euweuh tanyakeuneun deui. Dibejakeun siah ka si indung maneh!

Akang tibang olohok we! Da teu ngarti. Duka tah, peuting harita nasib tungtungna pangajian, da rek ngaji pisan harita teh. Akang poho deui, naha harita dilaporkeun ka Si Ema atawa henteu? Akang teu inget,"

Pamajikan cirambay ngadenge dongeng kitu teh. Seuri nyeuleukeuteuk salila-lila.

"Ahirna mah nyaho ti Teh Aneng perkara 'gilir' tea teh, najan bingung ngimaman. Kade bisi salah harti deuih, Nyai ge!" kuring nyalenggor heula.

"Moal. Manasina Akang!" tembal pamajikan nu masih keneh nyesakeun seurina.

"Meureun Mang Adin, Pa Adi, jeung... Mang Uju asana nu sok ngagantian teh!" tembal kuring, bari nginget-ninget kabahanana.

"Mang Adin lebah lagam teu katara teuing. Kitu deui Pa Adi, da mun aya Mang Uju mah... Ya Allah! Mang Uju lagam eta teh! Gusti, naha akang mani poho-poho teuing. Ehm, dosa Gusti...!" hate muriding.

"Saha, Kang? Mang... U...ju...! Mang Uju mana?" pamajikan kageteun ningali paroman kuring nu ngagentak robah.

"Ehm, Gusti... Alhamdulillah! Kapendak geuning eta lagam teh. Lagam Mang Uju. Mang Uju akina si Cecep, nu ngojeg di parapatan. Masya Allah! Bet geuning lagam Mang Uju nu nyerep teh! Mang Uju pisan nu sering ngimaman mun Pa Haji Kurdi teu aya teh."

Kuring gura-giru ningali jam, tuluy ngajakan salat ka pamajikan.

"Geus Isa lin ieu teh? Hayu Nyi, urang Isa heula!"

Teu talangke deker bae solat Isa. Kuring ngimaman, pamajikan amumna. Asa beda lebah maca fatihah teh. Beuki atra karasana galindeng fatihah Mang Uju. Ku nikmat harita solat jeung ngagalindengkeun fatihahna. Teu karasa cimata reumbay. Reres solat, tuluy hadoroh. Hususon ditujulkeun ka Mang Uju. Malah mandar anjeunna ditampi ku Allah SWT, kalawan kencing tempat anu mulya. Amin.

"Mang Uju teh bisa disebutkeun asisten meureun pikeun Pa Haji Kurdi mah. Mun pareng 'gilir' teh, nya Mang Uju nu ngimaman. Duka pedah geus dianggap 'asisten' ku Pa Haji Kurdi,

anjeunna sok wani haok hamprong ka barudak anu garandeng, boh nu solatna heureuy, boh keur ngaji ngadon pahibut. Tampolana leuwih keras tibatan Pa Haji Kurdi.

Ari barudak, ku Pa Haji Kurdi mah sieun sakali ngagebes ge. Ari ku Mang Uju mah kawas nu teu sieun, anehna teh. Malah deukeut-deukeut ka ngalunjak.

Kituna mah incuna, enya Si Cecep nu ngojeg tea. Sok ngalelewe mun dicarekan ku akina teh. Atuh antukna nu sejen ge nya kitu tea. Malah sok padangageuhgeuykeun saprak aya kajadian anjeunna katinggang panakol bedug."

"Na kumaha mimitina, bet katinggang ku panakol bedug sagala?" pamajikan heraneun. Na disimpenna di mana cenah meureun panakol teh, bet bisa ninggang, da biasana panakol mah disimpenna sok di jero kohkol. Mun henteu, di jero kuluwung bedugna.

"Maklum budak. Lengger teh kabina-bina. Mun tas solat Isa teh sok paheula-heula balik. Berebet lumpat bari cocorowokan. Teu bina we ayeuna ge kitu di masjid urang. Ninggang di Si Cecep, incuna Mang Uju tea. Manehna mah panglenggerna enyaan.

Mun teu salah, basa rek asup rokaat ka opat, manehna ngolesed heula ka handap. Da masjid teh ayana di luhur, di loteng. Di handap teh aya dua panto. Nu hiji paragi ka jero imah, nu hiji deui paragi kaluar masjid jeung tempat neundeun bedug. Jadi mun nakol bedug teh karasa eundeurna ka luhur. Minangka ka luarna sora ngarah kadenge ku masarakat mah, aya jandela leutik anu nampeu kana bujur bedug. Tah, panto nu ka luar eta, kabeneran mukana ka jero. Ngahaja kawasna dipelengekeun saeutik. Di luhurna, antara kusen jeung panto diteundeun panakol bedug. Jadi saha nu muka pangheulana, eta nu katinggang.

Seug harita Pa Haji Kurdi beres solat teu kaburu ngahulag, supaya ulah ingkah sakumaha biasa, kawasna sejen carita teh. Atuh barudak, waktu dihulag supaya ulah waka kaluar ti masjid, da aya nu rek ditepikeun, kabeh ge caricing.

Tah harita pisan Mang Uju, cenah ceuk dongeng Teh Aneng ti indungna nu milu ngarubung-rubung, hayang ka cai heula. Gura-giru kaluar. Na..., da! Ari muka panto kawasna, ari goak teh sada Mang Uju ngagoak. Kabeh ge taya nu teu reuwas. Sugan teh aya naon we, iwal ti Si Cecep, incuna nu lengger tea, nu tangtu apal pisan kana naon nu kajadian. Sasat manehna nu

boga dosana. Da gurudug we harita keneh muru akina. Nu sejen nuturkeun, kaasup akang. Katenjo teh, Mang Uju keur haharegungan we.

Disarambat ku nu karolot. Ngajendol pisan lebah emun-emunana. Najan make kopeah ge, kasebutna kopeah haji mah, beda jeung kopeah biasa.

Peuting isukna. Koredas kabeh dicarekan ku Pa Haji Kurdi, kaasup Si Cecep pisan. Sakumaha hayang seuri ge barudak, nu harita inget kana kajadianana, merengek piseurieun barudak teh. Da eta, Pa Haji Kurdi katawisna bendu pisan, sarta Mang Ujuna oge aya, sami nuju bendu. Seug Si Cecep lain incuna, duka!

Ti harita beuki galak bae ka barudak. Barudak ge loba nu teu resepeun, kaasup akang pisan! Ehm, geuning! Sakumaha akang teu resep harita, elmuna mah bet nyangsang pisan nepi ka ayeuna.

Ingetan, Nyai! Mun urang balik ka lembur, urang nyimpang heula ka kuburanana. Akang perlu menta hampura jeung hayang ngagalindengkeun fatihah luhureun kuburanana."

Mun pareng aya umur mah.

(Dicutat tina *Mangle No. 2201*)

SURAT

Ku: Itto Cs. Margawaluya

Kaduhung tan wates wangenan. Rumasa kana sagala kasalahanana. Ayeuna hatena teu ngarasa tengtrem, ngaguligah lain meumeueusan.

Geus tilu kali dibaca, eusi surat teh kabeh ge angger kitu: basana lemes, ngeunah mimitina, ngaguluyur sopan pikatajieun, orokaya sajeroeun basana nu lemes teh, matak nyeletit kana ati. Beuki lila surat dibaca, beuki nyaksrak kana urat sawak-awakna.

Surat kayas salima-lima ngalantarankeun dirina meh ambrol, disiksa ku parasaan sorangan. Asa kabina-bina, nu nyaruratan teh bangun hayang pupuasan: surat kayas salima-lima ti lima jalma nu beda-beda, disaamplopkeun, katarima ku manehna bari tembusanana dikirimkeun bur-ber ka ditu ka dieu, aya kana dua puluh lima urangna.

"Cacakan surat pribadi, tapi tembusan dikirimkeun ka sakieu lobana jalma..., naon maksudna, lamun lain karena hayang pupuasan?" ceuk hatena bari neutep berendelan ngaran anu dibere tembusan dina surat panganteurna.

"Beu, nu dikirim teh aya pajabat sagala rupa," ceuk gerentes hatena deui, "Teu salah, maranehna hayang pupuasan. Tapi enya, bongan aing sorangan, ngarasa bener sorangan, nu penting beubeunangan.... Ieu akibatna..." rek ambek, ambek ka saha, da puguh nanggung wiwirang sorangan. Rek ngabareng ka saha, da lain kasalahan nu lian. Aya nu nyedek kana angenna, ditahan, berebey... bedah ngaliwatan panonna.

Cipanonna disusutan ku saputangan. Kokolenyayan kunang-kunangan. Ka cai, disibeungeutan. Leos kaluar, diuk na korsi teras sakedapan. Tapi angin nu ngahiliwir lalaunan teu wasaeun mepes kesangna. Nangtung deui, ka jero deui, gek deui na korsi urutna.

Gorowok teh, "Nin! Ninaaa!"

"Kaaah!" aya nu norojol ti dapur.

"Cai, atuh! Jongjon wae, hayang nginum!"

"Har, ari Apa, kapan itu dina meja," bari neutep kana beungeut salakina.

"Enya bawa ka dieu! Kaleked pisan, kitu-kitu wae ge!" aya nu nyentug kana angen Nina. Asa diteungteuinganan ku nu jadi salaki, bet kudu ngalaman disentak-sengor. Najan kitu teu dipikir papanjangan. Meureun keur boga kakeuheul. Eta kitu, gara-gara surat, Nina neutep amplop jeung keretas surat nu ngabayak dina meja. Tuluy ngaleos deui ka rohangan makan, nyokot cai. Kapan biasana ge kitu, sabot salaki dangdan ge Nina mah geus nyayagikeun sangu sapuratina, kaasup cai na gelas, keur sasarp salaki nu rek digawe. Unggal isuk ge Nina mah tara kudu diparentah deui. Malah pan kapake naker ku salakina ge, pajar teh Nina mah tempat majik anu ngarti jeung surti kana kabeuki jeung kabiasaan salaki. Malah sakapeung sok ditabeuh ka nu lian oge kahadean pamajikan teh.

"Si Eneng geus dianteurkeun ka sakola?" nanya kitu teh cai nu dipenta geus disimpen na meja gigireunana mah teu diinum ieuh.

"Parantos, Pa," tetep dijawab sabiasa, sanajan pananya salaki teh karasana asa teugeug.

"Dianteurkeun henteu?"

"Henteu, Pa, margi disampeur ku rereancanganana!"

"Naha budak leutik dilurjeunkeun? Kumaha mun di jalan cilaka!"

"Ih, palias teuing, Apa. Mugi-mugi mah sing salamet," tetep nahan parasaan.

"Nyaho kitu, hayoh dijomplang!"

"Ari Apa, henteu dijomplang, da sareng rereancangan," sorana mimiti rada naek.

"Enya, tapi pan duanana ge budak laleutik," angger ketus.

"Atuh wios we, Pa, piwarang diajar ludeung!"

"Keun bae kageleng mobil?"

"Ku naon ari Apa, nyarios teh bet ka mana wae?" Nina ngaleos ka dapur.

Ceuk pamikiran mending ulah dilayanan, palangsiang beuki mahbrah. Naha boga kakeuheul teh bangun pohara? Naha aya naon?

Basa Nina balik deui ka rohangan hareup, salakina teu nyampak. Meureun geus mangkat digawe, ceuk hatena.

"Geuning, ieu surat-surat teh teu dibawa atawa teu disimpen heula?"

Gek Nina dina korsi urut salakina. Ret kana amplop jeung kertas-kertas suratna. Diberesan bari diitung. Teu salah, ditingali ti nu nekenna mah surat teh aya lima, sanajan amplopna ngan hiji. Memang teu asup akal, mun lima surat ti lima jalma nu beda-beda, ngirim surat dikirimkeun ka saurang. Naon maksudna?

Kajurung ku kapanasaran. Surat teh dibacaan hiji-hiji.

Mimiti dibaca surat panganteurna. Eusina kieu, "Haturan ieu lima surat kanggo pangersa, Bapa Sarja, anu salami ieu seueur pisan yasana sareng teu kinten adilna dina ngabagi-bagi kaasih, ka sadaya calon pamingpin anu dikampanyeukeun, dumasar kana ageung alitna "timbel sareng deungeunna". Oge dumasar kana kandel-ipsisna "amplop perjuangan". Anggap bae ieu lima serat teh katineung ti lima dina raraga mungkas hubungan antawis Bapa sareng Tim abdi-abdi sadaya, anu kiwari ngaraos sedih lan peurih ku margi lacak sorangan.

Enya lepat abdi sadaya, bongan teu tiasa milih anggota Tim Sukses anu iklas karena Allah, saeutikna sakasuka sakapeurih ku bekel nu aya ayeuna. Manawi teh moal ngabeungeutan atanapi ngabongohan. Manawi teh moal geugeut deukeut wungkul ka nu kareueut. Namung sawios, da eta mah

lepat salira, cek tadi ge estu kasalahan sorangan, teu enggeuh ka nu resep nyandiwara. Ti ngawitan ayeuna urang taya hubungan nanaon. Nyanggakeun ieu "Serat-serat Katineung". Abdi sadaya: Tim Sukses Haji Rahman, Tim Sukses Ir. Kodir, Tim Sukses Rd. Kertasumpena, Tim Sukses Mang Ebet, sareng Tim Sukses Wirakencana.

Kakara lekasan maca surat panganteurna, Nina geus ratug angen. Sanajan basana ngahaja direka jeung kawas nu mamandapan, tapi angger karasa, eusina mah matak nyongkab kana awak nyelekit kana ati. "Paingan salaki aing siga napsu pohara," ceuk hatena.

Sura kahiji dibaca:

"Dibujeng pentingna bae, patali boh abdi boh Akang, rupina sami-sami nuju seueur kariweuh. Abdi nuju repot ku padamelan, ditambah deui ku tugas mantuan ngajejeran kagiatan nu aya patula-patalina sareng pencalonan Kang Haji Rahman, manawi Alloh marengkeun, kapan nuju nyalonkeun kanggo janten pamingpin ku sagala rupi kagiatan. Estu meuweuh pisan pidameleun "Super Sibuk" rupina teh. Bari jeung kitu, kapan Akang mah kabujeng keneh tutulung-tatalang, nya! Saha bae nu nyuhunkeun bantuan, taya basa nolak, atanapi nyebat teu tiasa. Paingan Akang rejekina bangun cararaket! Najan tacan waktosna mah kreatif deuih. Sareng ku wantunanana. Najan tacan waktosna kampanye ge geuning Akang mah beledag-beledug bae, ngampanyeukeun Kang Haji Rahman.

Padahal abdi mah, nembe kitu wae, ku kalimah-klaimah ngenalkeun. Malih ngabagikeun gambar atanapi poto ge, pan tacan nganggo kecap-kecap calon, ari sanes sabadana resmi tos lolos tina pandaptaran ti KPU mah. Numawi abdi mah nganuhunkeun pisan. Nu mawi abdi mah kalayan asmana Kang Haji Rahman estu iklas dugi ka ngeupeulan ratus-ratus rebu oge, da puguh Akang teh tos ngorbankeun tanaga sareng emutan.

Mung wasleg we, abdi teh teu nyangka sacongo rambut Akang baris ngabeungkeutan. Sanaos kitu sawios, da eta mah tamaha abdi, bongan henteu asak sasar. Henteu, henteu lepat Akang, estuning lepat abdi, hayoh milih kapetengan meleg-meleg jalma piduit. Ku kituna hubungan cekap dugi ka dieu. Abdi, Tim Sukses Haji Rahman." Pikir kabetrik hate kakoet.

Nina dumadakan muriang. Deudeuh, Kang Sarja, geuning bet kieu jadona. Najan kitu masih panasaran keneh, dibaca surat kadua. Panjang suratna mah, di antarana wae kieu:

"Alhamdulillah, bagja sakalangkung ngawitan tepang sareng Ayi Sarja teh. Akang teh asa mobok manggih gorowong, basa salira sumping nawiskeun diri kangge mantuan tugas-tugas Akang salaku Tim Sukses Ir. Kodir. Sageuy ku Ayi teu karaos, ku atoh-atohna, Akang oge teu ngaraos lebar, upami Ayi ngajengkeun waragad dina raraga nyukseskeun Ir. Kodir, pipamingpineun di ieu daerah. Margi ku Akang ge kahartos, ieu kagiatan teh moal leupas tina resiko: ka ditu kedah nganggo mobil, motor kedah dibengsinan, patuangan kedah dieusian, hoyong nyesep kedah digaleuh, kulawarga di bumi kedah dibayuan sareng sajabina. Enya, ma'lum Akang oge, nu mawi kahoyong salira ge teu weleh dicumponan.

Waktos Ayi ngajengkeun deui waragad anu ageungna di luar kamampuh ge, saleresna keur Akang mah teu gaduh anggapan kalangkungan, kahoyong mah angger nyukupan. Nya ku margi teu nyekapan pakeunna bae, henteu dipasih ka Ayi mah, waragad teh kawilang pangageungna, upami dibandingkeun sareng waragad nu dipasihkeun ka nu sanes mah. Sanaos kitu Akang teh estu sukalillah.

Mung Akang teh kacida reuwasna, barang nguping, di dieu Ayi ngampanyeukeun Ir. Kodir, naha ari di tempat nu sanes ngampanyeukeun Mang Ebet? Malih sababaraha dinten ti harita, saur kapercantenan Akang keneh, Ayi ngampanyeukeun Rd. Kertasumpena. Naha enya, cek hate teh. Bari reuwas ge Akang teh henteu percanten kitu wae, ari nembe wartos mah. Da ari nuju usum kieu mah sok rupi-rupi wartos teh. Saha nu terang eta wartos teh sumberna ti nu kagungan maksud ngadukeun urang.

Namung ayeuna Akang parantos gaduh kacindekan, yen Ayi teh geuning leres-leres aktor jadug nu teu kinten ahlina kana "balucat-balicet ngaheureuykeun nu lian". Muji ka Ayi mah, ku teuneung sareng ludeungna, dugi ka Akang sareng ieu rancangan nu opatan ge "kaputergilingkeun". Teu lepat Ayi, ieu mah Akang saparakanca bae nu bongoh, manawi teh Ayi moal ka dieu ditewak ka ditu dirawu bari tega suka-siku ka calon anu rejekina "geus kabeunangan" ku Ayi.

Nya wilujeng bae atuh, ari numutkeun Ayi eta rejeki baris mangpaat mah. Mung kapaksa panginten Akang teh, sanes tega, ti

wangkid ayeuna ka payun bade nutupkeun panto rekep-rekep, sangkan Akang saparakanca nu limaan teu kagendam deui ku nu ngadeupaan lincar, bari kagungan maksud ngadamel rekaperdaya. Sakitu, Ayi pileuleuyan. Akang, Tim Sukses Ir. Kodir."

Renghap Nina ngerepan. Panas hatena beuki nambahan. Sirahna karasa engab-engaban. Kieu, yeuh, ti ditu nyokot sarantang ti dieu mawa sarantang teh, tungtungna ti dieu serenteng ti ditu serenteng. Enya tuda, bongan Kang Sarja henteu pengkuh kana hiji pamadegan, nanaon teh asal jadi uang bae. Najan kitu da hade goreng ge salaki sorangan, hatena tetep asa diteungteuinganan ku nu nyaruratan. Padahal tibatan mungkas hubungan ku cara susuratan model kieu mah mending bruk-brak sakalian adu hareupan. Tapi da enya deuih, pasti batur ge asa dilejokeun.

Ret deui Nina kana surat-surat nu tacan dibaca. Najan tacan dibuka, kacindekanana mah geus rajol narembongan. Geus moal salah, kawas surat kahiji jeung kadua, najan kalimahna tangtu beda. Najan lemes basana tetep baris nurihan hatena. Kana kitu kabeh oge. Komo meureun ti jalma-jalma anu karoroncodanana geus leuwih ti misti mah. Boa ketak nu sejen mah beda tinimbangan.

Tacan beak kapanasaran, sanajan angen geus kacida ngabagelna, bari jeung degdegan ge surat katilu teh dibuka. Sabalikna tina dua surat nu geus dibaca tiheula, kakara maca kalimah mimiti ge, Nina langsung ngahegak, sab pondok tapi langsung nyogok. Sigana, upama nu nyarita teh Rd. Kertasumpena-na mah moal kitu-kitu teuing, sanajan anjeunna anu nanggung resiko balukar polah salakina teh. Ku sabab ieu mah Ketua Tim Suksesna, nu kasohor jalma borongongong tur rada bedegong, uyuhan teu dikakalakeun sacara badaniah ge.

"Aing moal make basa-basi ka jalma nu boga laku kawas sia, Sarja!" cek Ketua Tim Rd. Kertasumpena dina eta suratna. "Satadina aing percaya, sia bisa diandelkeun. Buktina sia saukur rek ngarah ngarinah, dapon ngeunah dewek bari nekukan nu lian. Aing moal rek panjang catur, sabab aing geus badami jeung kabeh Tim Sukses-na kabeh calon pamingpin di ieu daerah nu aya di lembur urang, anu diheureuykeun ku silaing. Kanyahokeun ku sia, sanajan nu limaan, tapi lain hartina saukur rek meres calon, ieu mah sakadar usaha pikeun miara katengtreman antar warga, sanajan ari bajoang pikeun nyukseskeun calon masing-

masing mah nya sewang-sewangan bae, henteu kawas sia ka ditu ka dieu ukur ngarah duitna. Nepi ka ieu surat ditulis hartina hubungan urang cukup nepi ka dieu. Teu perelu datang-datang deui! Sarerea geus apal, rindat jeung rigig sia, rindat kapidunya! Sakitu ti aing, Ketua Tim Sukses Rd. Kertasumpena." Nu ngabagegel dina angen Nina meh ngabatu, hate nu tadi beuki manasan geus bener-bener kaduruk. Dada nu turun naek balas ngahegak semu nu rek reureuh kapaksa. Dayagdag Nina kana panyarandean korsi nu keur didiukanana. Pluk surat katilu nu cikeneh dibaca teh murag kana tehel, sanggeus leungeunna ngulapes dina tangan-tangan korsi. Beungeutna tanggah neuteup lalangit, teu lila panonna peureum.

Niat maca surat kaopat reujeung kalima ilang sapisan. Dina sela-sela sesa pikiran aya kacindekan, najan kalimahna pasti moal sarua, tapi eusina geus bisa kajudi, moal ka mana deui loyogna: ngahualkeun, ngajejelah, megatkeun hubungan, anu ka dituna bakal megatkeun silaturahmi. Ayeuna karasa ku Nina, behna mah surat nu lemes basana jeung nu bebeakan kasarna ge sarua bae: neunggeul beungeut, nonjok angen, ngarajetkeun hate, meakkeun tanaga, malah bisa jadi makal maehan rasa, ku sabab ketug jajantung geus teu karampa ayana, leng, leng, leng, les.

Basa Sarja balik ti warung, tas meuli roko jeung abral-obrol sakeudeung bari miceun kakeuheul, kacida reuwaseunana ningali Nina geus nyangsaya dina korsina, meh teu katenjo renghapna, beungeut nu tanggah kana lalangit nu tadi miasan beuki nyepaan. Estu geus teu walakaya. Sarja gogorowokoan, tulung-tolongan.

(Dicutat tina *Mangle No. 2024*)

AJAG BEUREUM

Ku: Herdi Pamungkas

Cungungung, cungungung, kadenge sora ajag nu babaung. Sorana ngeusian sabudeureun lengkob nu sok biasa dijadikeun tempat pangagonan domba ku urang Ustrali.

Di antara lengkob nu kacida legana, patingrungunuk rurungkunan paselang jeung tatangkalan nu teu pati loba, lantaran

sabagian eta tempat teh dipapaesan ku suburna jujukutan jeung saliaara.

"Cilaka," gerendeng saurang lalaki, pangawakan jangkung badag tur bewos.

"Aya naon, Pah?" tanya mojang lenjang, nu pangawakanana jangkung leutik, pakulitan koneng umyang, panon cureuleuk, pipi ngadaun seureuh, irung weh kuwungkuwungan.

"Ajag beureum jigana?" gerendeng Si Bewos bari ngojengkang ka enggon, teu kungsi lila balik deui bari mawa bedil.

"Naha ajag teh ngaganggu wae nya, Pah?" omong nyi mojang, nu harita masih keneh diuk luhur korsi nyanghareupan meja, bari maca buku.

"Enya, Lis. Dasar sato, teu kaop ngambeu mangsa hayang we ngagarap." Si Bewos ngeusian bedil nu ngabogaan laras panjang ku pelor anu tungtungna sareukeut.

"Seueur domba nu janten korban geura?" omong Elis, bari ngareret ka lebah bapana.

"Ngan nu jadi heran Papah, naon sababna eta ajag teh datangna saban bulan purnama? Oge sasaranana..." Si Bewos teu kebat nyaritana, sabab harita ngadenge di luar geus patingcorowok para patani ingon-ingon.

"Pah, di luar tos rame! Rupina ajag tos ngawitan ngaranjah?" ucap Elis, jung cengkat tina diukna.

"Enya, cilaka. Lis! Di buruan imah urang oge geus kadenge rageg jeung babaungna. Boa-boa ingon-ingon urang geus jadi sasaran," Si Bewos ngokangkeun bedilna, tuluy mukakeun panto lalaunan.

Breh, katenjo di buruan imah. Ajag beureum ngaliud.

Ret, harita ajag beureum anu pangbadagna mencrong ka lebah lawang panto, matana nu hurung buringas kawas-kawas arek narajang.

"Elis, gancang nyumput di kamar!" parentah Si Bewos.

Can oge sungutna balem ajag beureum anu pangbadagna geus luncat manten nubruk panto anu melenge. Ajag lianna rajleng nyerang Si Bewos anu keur nodongkeun bedil.

"Kurang ajar, ajag teh!" Si Bewos teu bisa ngalelempeng laras bedil kana sasaran. Kalahka bedil teh dipake ngababukan

ajag anu ngaronjangan turta nyangereng nembongkeun sihung bangun rek nyasaak dirina.

"Gerrrr..." ajag beureum anu pangbadagna geus aya di sajeroeun imah. Matana neuteup seukeut ka lebah Elis nu ngadedegdeg geugeumeueun. Tuluy nembongkeun sihungna anu rangeteng, letahna ngelel bari sakapeung ciduhna ngeclak.

"Halik! Nyingkah!" omong Elis bari beuki ngadedegdeg.

"Gerrrrr.." ajag beureum kalahka ngadepong. Geus kitu luncat ngarontok Elis.

"Ampun!" Elis ngagoak anu saterusna ngagubrag nangkarak bengkang.

"Gerrrr..." cungungung ajag beureum babaung. Terus ngagabrug Elis anu nangkarak, letahna ngaletakan beungeut. Kadua suku hareupna ngadepong, marengan suku tukangna anu dipeyekehkeun lebah palangkakan Elis.

"Akhhhh..." Elis babadug hayang ngeuleupaskeun diri tina panindih ajag beureum. Bari beungeutna katara muringis, nyeri pacampur sieun. Les Elis kapiuhan, teu inget di bumi alam.

Sabulan satutasna kajadian. Si Bewos sore eta keur ngelapan bedil di pakarangan imahna. Sakapeung tarangna sok katingali kerung, bangun aya nu keur dipikiran ku dirina.

"Weleh teu kaharti?" manehna ngagerendeng, "Naha dina peuting harita ajag teh bet patinglaleos sanggeus ajag beureum nu pangbadagna kaluar ti imah aing. Nu lainna kawas nurut ka eta ajag, boa pamingpinna? Tapi naha aya pamingpinan kitu ari nu ngaran ajag?" leng si Bewos ngahuleng deui.

"Pah, sanes nuju ngelapan bedil?" tanya anakna suara-seuri kawas nu boga kagumbira.

"Enya," walon Si Bewos pondok, matana neuteup Elis pacampur helok.

"Lis, naha kawas anu gumbira nyanghareupan purnama teh?" tanya Si Bewos, "Tara-tara ti sasari?"

"Kedah hariwang kitu?" Elis malik nanya.

"Biasana oge sok tatan-tatan, caringcing pageuh kancing bisi gorombolan ajag beureum nyerang deui!" bapana nembrakeun kahariwang.

"Naon anu kedah dijanten kahariwang, Pah? Sanes ajag eta teu ngaganggu boh ka papah boh kana ingon-ingon urang." walon Elis, tenang.

"Heueuh," Si Bewos nyabakan tarang bangun nu jangar. "Naha nya tara-tara? Lain ingon-ingon anu tatangga urang mah pan loba nu jadi korban disasak ku ajag beureum..."

"Muhun, saur Elis oge naon atuh anu kedah dijantenkeun kahariwang ku urang." Elis ngojengakang ka kamarna ninggalkeun bapana anu olohok bari calangap.

"Teu ngarti aing mah! Naha Elis oge bet robah?" jung Si Bewos cengkat tina diukna, sup ka patengahan tuluy ngagantungkeun bedil dina bilik nu dijeun tina kai.

Gubrag, manehna diuk satengah meubeutkeun bujurna kana luhur korsi. Uteukna muter mikiran nu kaalaman ku dirina jeung ku nu jadi anakna nu ngadak-ngadak robah saratus dalapan puluh darajat.

Langit belah ti kulon mimiti beureum, haseup bodas nu ayang-ayangan kacepretan warna jingga. Ciciren beurang arek ka ganti ku peuting, jangjang peuting mimiti meber mancen gawe nepi ka isuk jedur.

Cungungung, cungungung, kadenge sora ajag babaung ngabageakeun maleman purnama. Elis nu ngabebengkang di kamar, ngagelenyu imut sorangan, matana neuteupeu lalangit kamar. Bray, katenjo aya taraje anu ditaretet ku inten permata lir jalan ka jomantara. Teu kungsi lila aya hiji lalaki kasep leumpang kalawan salse turun bari ngagelenyu, dua leungeunna ranggah kawas hayang dipapag.

"Engkang..." Elis haroshos bari cengkat, nyambut katangan jajaka anu ditunggu-tunggu ku rangkulan, bari sakapeung sok digalentoran.

"Geulis, jungjunan engkang. Urang patepang deui..." manehna oge sarua ngabageakeun rangkulan Elis nu ngabagjakeun.

Nu kadenge iwal ti renghap-ranjugna ambekan, marengan ratugna jajantung lir tutunggulan. Duanana silih tembrakeun kabungah, saterusna lalayaran dina sagara kacinta, silih simbeuh ku kadeudeuh, silih rungrum ku kaasih, silih simbutan ku kasono.

"Hiaaatttt....nyingkah siah!" kadenge di saluareun imah sora Si Bewos nu ngusir mangpuluh ajag. Ngagimbung ngariung dirina bari nembongkeun sihungna anu rangeteng. Manehna sababaraha kali ngulangkeun bedil rek dipake ngagebug ajag nu rek ngaronom dirina.

Panto imahna we melenge, nu teu kungsi lila kaluar ajag beureum panggedena. Bareng jeung ngajlengna eta ajag, nu keur ngaronom Si Bewos oge rajleng naluturkeun, saterusna lus-les duka teuing ka mana.

Sakedapan mah Si Bewos ukur olohok ngembang kadu bari ngajingjing bedil. Ras inget ka nu jadi anakna sok sieun kumaha onam di jero imah.

"Cilaka!" langsung gura-giru muru ka imah, nubruk panto anu melenge. "Elis!"

Manehna nitenan kaayaan di imah, tapi taya barang nu ruksak hiji oge. Geblus ka kamar nu jadi anakna, kasampak keur diuk sisi dipan bari meresan buuk turta papakean anu kusut. Katara roman beungeutna bangun nu bungah. Si Bewos gogodeg.

Ngojengkan deui kaluar ti jero kamar anakna, gubrag meubeutkeun awakna dina bangku panjang nu aya di rohangan tengah.

"Naha naon nu kungsi kajadian? Lain tadi ajag beureum teh kaluar ti imah? Aing boro hariwang Elis bisi kumaha onam. Tapi geuningan teu sakara-kara?" tarangna beuki kerung.

Tujuh purnama geus kaliwat, kaayaan para peternak domba teu ngarasa kaganggu ku kedatangan ajag beureum. Lantaran nepikeun ka harita teu kungsi norojol deui.

Ngan hanjakal Si Bewos nu ngarasa helok, sabab nu jadi anakna kiwari geus kakandungan tujuh bulan. Eta kaayaan teh positip sanggeus ngahaja dipariksa ka dokter kandungan. Puguh eta kajadian teh matak helok pikeun dirina. Iraha Elis patepung jeung lalaki? Naha lain salilana oge aya di tempat peternakan jeung dirina? Waleh teu kapikiran ku Si Bewos. Ari rek tumanya ka nu jadi anak sok sieun kumaha onam. Manehna ngahuleng bari garo-garo teu ateu.

(Dicutat tina *Mangle No. 2022*)

9.2.2 Pengertian Cerpen (*Carpon*) Sunda

Rekan-rekan para peminat sastra daerah yang budiman, *carita pondok* (*carpon*) adalah cerita yang pendek yang merupakan suatu kebulatan ide. Dalam kesingkatan dan kepadatannya itu, sebuah *carpon* lengkap, bulat, dan singkat. Semua bagian dari sebuah *carpon* mesti terikat pada suatu

kesatuan jiwa pendek, padat dan lengkap. Tidak ada bagian-bagian yang boleh dikatakan lebih dan bisa dibuang (Tarigan, 1984: 176). Dalam hubungan ini, Berg Esenwein (1961: 56) dalam bukunya yang berjudul *What is the Short-Story?* mendefinisikan carpon sebagai berikut. “*A short-story is a brief, imaginative narrative, unfolding a single predomination incident and a single chief character, it contains a plot, the details of which are so compresses, and the whole treatment so organized, as to produce a single impression.*”

Definisi di atas sejalan dengan ungkapan Sumardjo dan Saini K.M. (1988: 30) yang mengatakan “cerita pendek adalah cerita berbentuk prosa yang relatif pendek. Ukuran pendek di sini diartikan sebagai dapat dibaca sekali duduk dalam waktu kurang dari satu jam. Dikatakan pendek juga karena *genre* ini hanya mempunyai efek tunggal, karakter, plot, dan *setting* yang terbatas, tidak beragam, dan tidak kompleks.” Selanjutnya dijelaskan bahwa cerita pendek masih dapat dibagi pula dalam tiga kelompok, yaitu cerita pendek, cerita pendek yang panjang, dan cerita pendek yang pendek. Pada umumnya cerita pendek yang panjang diistilahkan *long short-story* dan cerita pendek yang pendek diistilahkan *short-short-story*.

Rekan-rekan yang budiman, pengertian cerpen di atas itu mungkin diilhami oleh kerangka pikir Richard Summers (1948: 27) yang mengatakan bahwa

“There are two regular length for short-stories: 3.000 to 3.500 words --- and 5.000 words --- the latter more common. A few magazines prefer the 6.000 to 8.000 words story. Novelletes are stories running anywhere from 12.000 to 30.000 words, while so colled magazines “novels”--- often extended short-stories --- vary from 35.000 to 60.000 words. The everage novel in book form is usually about 100.000 words in length.”

Demikian selintas pengertian cerita pendek, semoga rekan-rekan terlecut untuk mencari pemahaman lebih jauh dan mendalam dari literatur lain yang paling luas dan mutakhir. Marilah kini rekan-rekan melihat selayang pandang pertumbuhan dan perkembangan cerpen dalam khasanah sastra Sunda.

9.2.3 Pertumbuhan dan Perkembangan Cerpen (*Carpon*)

Sunda

Cerpen (selanjutnya disebut *carpon*) dalam sastra Sunda mulai bersemi pada abad ke- 20, yaitu ketika lahir majalah *Parahiyangan* pada tahun 1929. Di dalam majalah ini dimuat *carpon* Sunda. Setahun kemudian, tepatnya pada tahun 1930, terbitlah buku kumpulan *carpon* Sunda pertama dengan judul *Dogdog Pangrewong* karya seseorang yang berinisial dibalik nama G.S. Penerbitnya adalah Balai Pustaka. Bila membaca judulnya akan terlintas dalam pikiran kita bahwa penulisnya seorang yang secara sadar tidak menempatkan dirinya sebagai seorang sastrawan yang menulis hasil sastra, melainkan hanya sekedar menjadi badut yang hendak mengganggu ketentraman orang lain belaka dengan lelucon-leluconnya. Hal demikian itu ada kaitannya dengan permainan seni reog Sunda yang menggunakan empat buah alat musik pukul yang disebut *dogdog*, antara lain *dogdog* Sang Dalang yang menjadi pimpinan pertunjukkan. Judul buku tersebut menunjukkan bahwa penulisnya menempatkan dirinya sebagai pemegang *dogdog* yang hanya akan mengganggu dan merepotkan (*pangrewong*) belaka (Rosidi, 1966: 102). Selanjutnya dikatakan G.S. dalam kata pengantarnya, ia hanya hendak menulis cerita-cerita penglipur lara yang mudah-mudahan bisa mengurangi kedukaan dan kesedihan pembacanya saja. Buku kumpulan *carpon* ini berisi tujuh buah cerita yang semuanya lucu-lucu. Kelucuan yang disajikan G.S. dalam cerita-ceritanya sangat erat hubungannya dengan suasana dan cara dongeng-dongeng semacam “Si Kabayan”. Hal ini dapat kita simak terutama dalam sebuah *carpon* yang berjudul “Angeun Lodeh” ‘Gulai’. Namun dalam *carpon* yang lainnya G.S. berhasil menampakkan eksistensinya yang bukan saja seorang pencerita yang pandai berhumor, tetapi pandai juga melukiskan watak dan suasana dengan percakapan-percakapan yang padat dan segar.

